# BAS MAQALA

## 2017-jıl – xalıq penen pikirlesiw hám insan mápleri jılı

### ЖУРТ БАСШЫМЫЗДЫҢ ХАЛЫҚ ПЕНЕН ПИКИРЛЕСИЎ БАҒДАРЛАМАСЫ - ҲАҚЫЙҚЫЙ ХАЛЫҚ СҮЙИЎШИЛИК

**Ж.Базарбаев** - *академик*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

Халық - қүдирет, халық-теңиз, халық-жәмийет тутқасы, халық-мәмлекет ийеси, халық-муғаллим, халық-бақлаўшы. Сонлықтан, халықтан бөлекленген ҳәкимияттың өмири қысқа, халықтың қарсылығына гириптар. Халық мәпин ҳәмме нәрседен артық қойып, оның ғамын ойлап халыққа хызмет қылып, оны пәраўан турмысқа баслаған көрегенли ҳәкимиятальысларға миясар, келешеги айдын.

Халқымыз әсирлер бойы әдил патшаны ҳәўес қылған ҳәм ҳәкимияттың барлық буўынларындағы басшылардан мийримлиликти күткен, халықтан бөлекленген басшыларды жақтырмаған. Оның бир мысалына қарақалпақ классикалық әдебиятының уламасы Күнхожа былай дейди:

Елдиң арын арламаса,
Бары-жоқты барламаса,
Аш – арыққа қарамаса,
Ондай басшы неге керек.

Ҳәттеки, ҳәзирети Наўайы тек басшыны ғана емес, ал халықтың мәпин ойламаған адамды да адам деп айтыўға санамай:

«Адам демеңлер гейбир адамды,
Оның жоқдур халықтың ғамынан ғамы» деп кесип айтқан. Бабаларымыздың бул әрманы муўапық әдил басшылық халықтың мәпин шешиўди ойлап, ғәрезсиз әдалатлы демократиялық мәмлекетти қолға киргизген бизиң Биринши Президентимиз Ислам Кәримовтың әдил сиясаты тийкарында иске асты.

Ислам Кәримовтың ҳуқықый демократиялық мәмлекет дүзип, оның тийкарғы мақсети: ҳәммеси инсан ушын деген өшпес идеясының тийкарында ҳүрметли Президентимиз Ш.М.Мирзиёевтың 2017-жылды елимизде «Халық пенен пикирлесиў ҳәм инсан мәпи» жылы деп жәриялап, «мәмлекетлик уйымлардың пуқаралар менен өз ара мүнәсибетлери бойынша көзқарасларын түп тамырынан қайта көрип шығыў» концепциясын ислеп, халықтың ғамын ойлаўды және де тереңлестиреди.

Бул концепцияда ел басшымыздың халықтың мәпин биринши орынға қойып оны мәмлекетти басқарыўдың сиясий ўазыйпасы етип белгилеўи ҳәм оны иске асырыў бойынша ҳүкимет алдына тийкарлы ҳәм сөзсиз орынлаўға тийисли болған талапларды қойыўы-жүдә бир әдалатлы ўақыя болып, дүньяда мәлекетти басқарыўдағы сийрек ушырасатуғын тарийхый қубылыс есапланады.

Бул концепцияда халық мәпин тәмийинлеў ушын, ең дәслеп, оның менен пикирлесиў ҳәм кеўил-күйин билиў, халықтың тилеги қандай, қандай мәселелердиң шешилиўине ырза, не нәрселерге наразы екенлигин табыўды тереңлестирип, халық пенен пикирлесиўди ҳәмме ҳәкимият буўынларының алдына тийкарғы мәселе қылып қойылыўы үлкен стратегиялық мақсетти көзге тутқанлығын көрсетти.

Шынында да, бул пикирлесиў нәтийжесинде ҳәр бир адам бурынғы тоталитар мәмлекетлик дүзимдеги тастыйықланған машинаның бир шүйи емес, ал өзи мәмлекет, өзи билейди, өзи басқарады деген өзбек әдебиятының жарқын жулдызы Э.Вахидовтың:

«Достым, сен өзиңди көп әпиўайы тутпа,
Әзиз бендемиз деп ийип жүрме бас,
Журттың ийесисең, ҳасла умытпа,
Сен өзиң дәўлетсең, әзиз ўатанлас» деген ибратлы сөзин санаға сиңирип, адамды тәрбиялаўға жоллайды. Бул адамды мәмлекетлик сиясатқа исенимин беккемлеп қоймастан, сол мәмлекетлик қарарларды әмелге асырыўдың шайдасы болыўына себепши болады.

Ҳақыйқатын да, ҳеш ўақытта ҳеш елде халық пенен ойласпай, пикирлеспей халықтың пәраўанлығын шешиў мүмкин емеслиги белгили. Себеби, адамыйлық тәбияттың бир терең қәсийети - адамлардың өзиниң қәдири бойынша баҳаланыўына қумарлық. Бул адамды үзликсиз қыйнайтуғын ҳәўеси, шөли. Ким сол шөлди қандырса, оның жүрегин ийелейди.

Демек, адамның турмысының тийкарында оның ҳәўеси, қәлеўи, мақсети жатады. Олай болса пикирлесиўде сөзсиз сәўбетлесиўшилердиң бир нәрсени қәлеўин таўып, оны ислеўге талпындырыў жүдә даналық қатнас болып, бул ҳақыйқатлықты терең түсинген Президентимиз халық пенен пикирлесиўде халық нени қәлейди, нени жақтырады, соларды билип оның менен тил бириктирип раўажланыўдың табысын тәмийинлеўи даналық шешим болып есапланады.

Бул исти үзликсиз түрде алып барып, оның орынланыўын тийисли басшылардан талап етиў, соған қарап олардың искерлигин баҳалаў, халық пенен пикирлесиўди қурал қылып, оны әмелге асырыўда ел басшы-мыздың өзиниң жуўапкершилигине алыўы, сиясий басшының шеберлиги, ҳаққаный халықсүйиўшилигин көрсетеди.

Өткен шоралар дәўиринде инсан мәпине ғамқорлық орнына, инсан мәпи өлтирилди. Адамды алға сүйрейтуғын қуўатлардың бири болған мәпдарлық есапқа алынбады. Адамлар «Базарға барсам нетер, ырғалсам күним өтер» деп мәмлекетлик жумысқа ықласы болмады. Бунда ҳәмме теңлестирилген еди, қалай ислесең де теңдей айлық, адамлардың қолын суўытты. Бақмандалық ҳәўиж алды. Олар «Жарлылық деген жақсы екен, жатып ишер ас болса» деп бийпәрўалықта жасады.

Бундай мәпдарлықты, уқыплылықты, талапты, исбилерменликти есапқа алынбайтуғын жағдай, биреўдиң алға шығып өзин көрсетиўине кесент берди. Қандай да болса бир исти баслайын деген адамға жоқарыдағы күшли қол «нельзя» деп тоқтатты. Нәтийжеде халық өзлигинен бир нәрсе ислеп шығара алмады. Айтайық, 6 қойдың терисинен исленетуғын дублёнка қолымыздан келмеди. Мектепке керекли порды да Беларуссиядан алып келетуғын едик. Аўыллардағы турақ жайлардың дөгереги айдың түртүсине уқсар еди. Бақша егип, мал сақлап, не қыласаң, ҳәммесин өзимиз жеткеремиз, дүканларға толтырып қоямыз, деп халықты ҳәйярлыққа үйретти. Халықтың бундай аўҳалы оларды басқарыўға аңсат болатуғын еди.

Өзбекстан халқы 25 жыл ғәрезсиз раўажланыўдың нәтийжесинде елимиздеги мәмлекетлик дүзимниң артықмашлығын, ҳәмме ис инсан ушын екенлигин тереңнен түсине баслады. Халық ески коммунистлик идеологияның тәсиринен тазаланды, өзлигине қайтты. Нәтийжеде халқымыз өзиниң мәпин мәмлекетлик мәп пенен уйғынластырып, Өзбекстанның бийик келешегине исенип, оның пәраўанлығы ушын гүреске бирликте күш қосыўдың абзаллығын түсинди.

Мине, ҳәзир бизиң көреген Президентимиз халқымыздың мәпин қорғап, оны анықлап, оның қәлеўиниң тийкарында елди байытыўды қолға алып үлкен келешекке өркенлеўдиң тийкарын салды.

Әлбетте, жәҳән мәмлекетлериниң ҳәммеси де халық мәпин айтады. Лекин бундай халықтың ишине үзликсиз кирип, оның дәртине дәрман, табысына парўана болыўды ел басшымыздың шынтлап өз қолына алыўы, елдиң гүллене бериўиниң тәрепдары болып халық пенен ҳәкимияттың мийтиндей бирлигине алып келеди.

Бул халық пенен пикирлесиўдиң жаңа концепциясында Президентимиз өзиниң «Еркин ҳәм абадан, демократиялық Өзбекстан мәмлекетин мәрт ҳәм уллы халқымыз бенен бирге қурамыз» деген Өзбекстан Республикасы Президенти лаўазымына кирисиў салтанатлы мәресимдеги баянатында ортаға шығарды. Ол баянатта «халық мәмлекетлик идараларға емес, ал мәмлекетлик идаралар халқымызға хызмет етиўи керек» деп тастыйықлап бул исте көп жылға мөлшерленген пүткиллей жаңа системасын пайда етиўдиң тийкарын көрсетип былай деди: «Барлық мәмлекетлик уйымлардың жумысында халықтың мүрәжатлары менен ислесиў бойынша сапасы жағынан пүткиллей жаңа системаға өтиўимиз керек» яғный барлық дәрежедеги уйымлардың басшыларын халықтың алдында есап бериў системасы енгизиледи.

Бул халық пенен ислесиўдиң жаңа системасының пайда болып атырғанлығын халық пенен ислесиў системасының түп-тамырынан жетилистириў илажларының халық қабыллаўханаларының турмысқа енгизилиўинен көрип отырмыз.

Бул көзқарас ҳуқықый демократиялық Өзбекстанды қурыўдың ең беккем фундаменти болып, демократияны халқымыздың терең түсиниўине яғный Өзбекстан «Халық ҳүкимети» деген түсиникти санаға сиңириўге қаратылған уллы истиң басламасы. Ол ҳаққында Президентимиз «Биз биринши гезекте ким менен пикирлесиўимиз, ким менен мәсләҳәтлесип жумыс ислеўимиз керек. Бәринен бурын халқымыз бенен. Сонда халқымыз ырза болады» деп көрсетти. Ҳақыйқатында халықтың исенимине ерисиў ҳүкимет басшыларына үлкен бахыт, ал халықтың наразылығы үлкен ғарғыс болып есапланады.

Президентимиздиң концепциясындағы бул үзликсиз иске асатуғын, ҳәмме ўақыт қадағалаўға болатуғын инсан мәплерин тәмийинлеў ушын адамлардың ишине кириў, олардың тәшўишлери менен жасаў зәрүр деген көрсетпесинен шығатуғын жуўмақ соннан ибарат: бул жумыс көз-көз қылатуғын наўқан емес, ямаса сәлем-әлик, ҳармасын қатнаслары емес екенлиги түйылады.

Ол табанлылықты, сабырлықты, билимди талап ететуғын пидайылық ҳәм жуўапкершиликли жумыс. Бул көпшиликти зәўлим залларға жыйнап, олар менен пикирлесиўден көре тийимли ғамқорлықтың, мийирманлықтың, қайырлылықтың иси. Сонлықтан адамлар менен олардың бос ўақытларында бир кеса шай үстинде эпиўайылық тийкарда исенимге ерисиў жағдайдағы кеўил ашыў, ақылласыў деп қараў керек.

Бул пикирлеўде Президентимиз халықтың мәпине тийисли барлық турмыс тараўларын қамтыўды нәзерде тутады. Ол биринши әдиллик әдалатлықты орнатыўға дыққат аўдарды. Елимиздиң Биринши Президенти И.А.Каримовтың айтқанындай: «Халық ашаршылыққа шыдаўы мүмкин, ал әдалатсызлыққа шыдай алмайды» деген орынлы гәпине байланыслы Ш.М.Мирзиёев иске кирисиўден-ақ, суд-ҳуқық уйымларының әдалатлығы, елимизде тек нызам үстинлиги, оның алдында ҳәммениң теңлиги мәселеси қатаң түрде қолға алды. Демек, инсан ҳуқықларын қорғаў ҳәммеге теңдей қатнас мәселеси бойынша пикирлесиў арқалы мәмлекетимиздиң ишки ҳәм сыртқы сиясатының әдиллигине исендириў ҳәм жынаят жазасыз қалмайтуғынлығын түсиндирилиў пикирлесиўдиң тийкарғы мәселелериниң бири болып есапланады.

Сондай-ақ, инсан мәпи өмирде тыныш-татыў жасаў мәселесин өз ишине алады. Бул ҳаққында ҳүкиметимиздиң сыртқы сиясатының әдиллиги ҳәм оның улыўма халықтың мақуллаўына ерисилгенлиги белгили. Соның менен қатар, турғынлар өзиниң жасап турған мәканындағы тынышлықты татыўлықты күсейди. Соның ушын ҳуқықбузарлық ҳәм жынаятлы ислер бир жыл даўамында болмаған ҳәм шаңарақтың бузылыўы ушыраспаған, уры-өтирик нәшебентлик араласпаған мәканларды ҳүрметлеп, оның тәжирийбесин ен жайдырыў да пикирлесиўге киреди.

Инсанның ең жоқары байлығы-денсаўлығы. Демек, ҳәрбир инсанның денсаўлығына ғамқорлық ҳәм денсаўлықты сақлаў мәкемелериндеги наҳақлықты, бийпарўалықты сапластырыў ушын Президентимиздиң нәтийжели ислери халық тәрепинен қоллап-қуўатланбақта. Гейпара орынларда адам қәдирин елестирмейтуғын денсаўлық хызметкерлери табылып қалады. Буларды табыў аңсат емес. Лекин, халық пенен пикирлесиўде бул тараўдағы бир қанша кемшиликлер де ашылып, оларды дүзетип халықтың исенимине ерисиў әҳмийетли ўазыйпа.

Улыўма, инсан мәпи - көп қырлы, бир сырлы қоспалы, мәселе. Ол пәраўан турмыс, сапалы билим, заўықлы шадлық, инсанға ҳүрмет ҳәм тағы көп санлы мәселелерди өз ишине алады.

Әсиресе, бул мәселеде инсанның ең арзыўлы мәпи - өзине ылайықлы жумысқа араласыўы. Бул мәселеде кеңес бериў ҳәм жәрдем көрсетиў-ең әҳмийетли ғамқорлық. Бул ҳаққында Республикамызда ҳәр жылы мыңлаған жумыс орынларының пайда болып атырғанлығы орта арнаўлы ҳәм жоқары оқыў орынларын питкергенлердиң жумыс пенен тәмийинлениўинде ҳүкиметимиздиң ғамқорлығы жүдә зыяда.

Лекин, еле де басшылар арасында халыққа ис таўып жайластырып, оларды ырза қылыў исинде кемшиликлер ушырайды. Нәтийжеде олар басқарған мәканларындағы жумысқа жарамлы адамлардың гейпаралары басқа еллерге жумыс табыў ушын кетип, биразы кеўилсиз жағдайға ушырап отырғанлығын еситип, оқып отырмыз. Бул мәселеде халық пенен пикирлесип, оның мәпин көзде тутып, жумыс орнын көбейтиў ушын оны шөлкемлестириўди қолға алыў - басшының қыйын ҳәм саўаплы иси. Мысалы, Мойнақ районына Қоңыраттан шығып қалаға дейин баратуғын узақ жолдың бойындағы қунарлы жерлерден пайдаланыўды, дийқаншылықты шөлкемлестириўде суўдың жетиспеўшилиги сезиледи. Лекин, халықтың пикирин көре Мойнақтың лимити болған 15 кубметр суўды пайдаланыўда исырапкершиликтиң бар екени сезиледи. Ал, басшылардың сол суў лимитин көбейтириўди сорап, бар суўды ақылға муўапық пайдаланылса, Мойнақта көк егисти раўажландырсақ болар еди, дейди халық.

Тағы бир мысал, Арал теңизиниң қурыўы менен теңиздиң қалған бөлегиниң ишинен «аремия» деген ҳасыл жәнлик, жағаға толқын менен шығып, өндирис аўҳалына келиўине дүнья қызығып, оны қымбат баҳалы заҳира екенлигин тән алып атыр. Бул халықтың байлығын тек жалатайлар пайдаланып, халықтың мәпине зыян келтирип атырғанлығы мойнақшылар ҳәр сапары гәп қылады. Оның бир неше тоннасын Алмата ҳәм Ташкентли шахслар қалай етип жыйнап, шет еллерге сатыўға таярлағанлығын «Қарақалпақстан жаслары» газетасында жәрияланды. Бул да халық мәпине қатнастың бир көриниси.

Әлбетте, бул халық пенен пикирлесип, оның мәпин шешиўди улыўма, мәмлекетлик удайы исленетуғын бағдарлама сөзсиз адамларды жигерлендиреди ҳәм халық хожалығын раўажландырыўда адам факторын көтерди. Нәтийжеде уллы Бердақ бабамыздың:

Жигит болсаң арыслaндай туўылған,
Хызмет еткил удайына халық ушын,
Жигит болса арыслaндай туўылған,
Қайтпас ҳасла, қара бастың ғамы ушын» деген дуўалы сөзин ер азаматлар есине алып, халық ушын жанын пида етип, халық пенен бирге өсип, гүлленип, абырай-мәртебеге ийе болыўдың тийкары болып, ҳүрметли Президентимиздиң жүдә әҳмийетли тапсырмасын орынлап абырой - мәртебеге ериседи.